Bhaibheri re vana

Rikukupai

# Chitsidzo chaMwari kuna Aburahama



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes
Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus Alastair Paterson
Rakatorwa na: M. Maillot; Tammy S.
Rwakashandurwa na: Tendai Mugova
Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2022 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.





Mushure mokunge mafashamu apera, vanhu pasirose vakafunga zano.


Vakati, "Ngativake guta guru rine tawa inosvika kumusoro kumatenga. Ngatigare tose pamwe chete." Vanhu vese vakataura nemutauro mumwe chete.
3
Mwari akada kuti vanhu vaparadzire nenyika yaakanga asika. Naizvozvo, Mwari akaita chishamiso. Akaita kuti vavenemitauro yakasiyana. Mwari akavapa mitauro mitsva.
4
Vanhu vaitaura mutauro mumwe chete vakagara pamwe chete. Zvichida vanhu vakatya vamwe vavakanga vasingakwanisi kunzwisisa. Nenzira iyi, Mwari akakonzera kuti vazadze nyika dzakasiyana.
Guta ravakasiya rakanzi Bhabheri, zvichireva vhiringo.
5
Makore akatevera, munzvimbo yeUri yavaKaradhea, Mwari akataura kuna Aburahama. Akati, "Siya nzvimbo ino. Enda kunzvimbo yandichakuratidza." Aburahama akateerera.
6
Mwari akamutaridza nzvimbo yeKenani. Mukadzi wake Sarai nemuzukuru wake Roti vakaenda naye.
7
Munyika yeKenani, Aburahama naRoti vakava neupfumi. Vose vaiva nemombe zhinji. Asi mafuro akanga asingakwani mhuka zhinji.
8


Vafudzi vaRoti vakava nebopoto nevafudzi vaAbhuramu. Abhuramu akati, "Kuti tirege kunetsana ngatiparadzane. Roti, iwe tanga kutora nyika yaunoda."
9


Muzukuru wake Roti akasarudza bombo huru raiva nemakuta mazhinji akange achitaridzika zvakanaka. Asi makuta aya akanga asina kururama.
10


Mushure mokuenda kwaRoti, Mwari akataurazve naAburamu akati, "Ndinopa nyika yose yemuKenani kwauri nevana vako zvachose." Asi Abhuramu naSarai
vakanga vasina vana. Mwari aikwanisa sei kuchengeta chitsidzo chake chikuru?
11


Varume vatatu vakabva kuna Mwari vakauya kuna Abhuramu naSarai. Vakati, "Muchava nemwana mucheche mbaimbai." Sarai akaseka. Haana kutenda shoko raMwari.
12


Akange avanemakore makumi nemapfumbamwe okuberekwa. Mwari akaudza Abhuramu kuti achanzi Abhurahama naSarai achava Sara.
13


Mwari akaudzazve Aburahama kuti achaparadza makuta maviri eSodoma neGomora. Muzukuru waAburahama, Roti akanga achigara kuSodoma nemhuri yake.
14

Roti akatenda
kunyevera kwaMwari.
Asi vakwasha vake
vakaramba kusiya
Sodoma. Sei zve!
Havana kutenda
shoko raMwari.



15

Roti nevanasikana vake vaviri
vakakwanisa kusvika zvakanaka.
Moto nesarufa wakadonha
pamusoro pemakuta
akanga asina kururama.



16

Mukadzi waRoti haana
kuteerera kunyevera kwaMwari.
Akange achimhanya, ndokucheuka
shure, ndokubva
aitwa shongwe
romunyu.



17

Mwari
akazadzikisa
chitsidzo
chake kuna
Aburahama
naSara.
Vakava nemwana
mukuchembera
kwavo, Mwari
akanga ataura.
Vakava nemufaro
Isaka paakazvarwa.



18

Zvichida Aburahama
akafunga nezvechitsidzo
chaMwari, kumupa nevana
vake nyika yeKenani
zvachose. Mwari
vakachengeta
chitsidzo chavo.



Mwari
vanozadzikisa
zvitsidzo zvavo.

19

Chitsidzo chaMwari kuna Aburahama

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mavambo 11-21

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

20




4 60



Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16